
# नेनाक बाइबिल

*प्रस्तुति*



# दानिय्यल आओर सिंह, मांद

*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Jonathan Hay

*रूपान्तरित*: Mary-Anne S.

*अनुवाद*: Ashish Paul

*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org


©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.



दारा बेबिलोनक नव राजा रहैथि। ओ बड़ चतुर छलाह। ओ एक सय बीस सर्वोत्तम लोकक चुनि लेलिन जे हुनका राज करय में सहायता करतिन। अऽ तकरा बाद ओ ओहि तीन लोकक मुखियाक रूप में चुन लेलिन। ओहि तीन मनुख में सँ दानिय्यल एक रहैथि।




राजा दारा दानिय्यलक बड़ आदर करैत छलाह, ओ हुनका समस्त राज्यक उपर अधिकारी बनाबअ चाहैत छलाह।



3

आन अगुवा सभ हुनका सँ ईर्ष्या करैत छलाह। ओ सभ दानिय्यलक जीवन में किछु कमीक खोज कऽ रहल छलाह जाहि सँ हुनका राजाक सन्मुख में नीचा देखाबल जा सकैछ।



4

कोशिश करलाक बादो हुनका सभक दानिय्यलक विरोध में किछु नहि भेंटलिन। दानिय्यल राजाक नजरि में हर बात में निक रहैथि। ओ बड़ ध्यान राखय वला आओर चतुर भी रहैकि। अऽ ओ सर्वदा सर्वोत्तम करैत छलाह।




5

ईर्ष्यालु अगुवा सभक मालूम रहिन जे मात्र एकटा बाट अछि जतो दानिय्यलक फांसाबल जा सकैछ। हुनका सभक मालूम रहिन जे दुनियाक कोनो शक्ति दानिय्यलक इस्त्राएलक परमेश्वरक अराधना करय सँ नहि रोक सकैत अछि।



6

दानिय्यलक दुस्मन सभ एक योजना कऽ उपर विचार कएलिन। ओ सभ एक नव कानून बनौलिन अऽ राजाक हस्ताक्षर लऽ लेलिन। ओ "नव" कानून कहैत छल जे सभ कऽ राजा दारा सँ प्रार्थना करबाक अछि। अऽ जे केओ एहि नव कानूनक उलंघन करताह हुनका सिंहक मांद में ढकेल देबल जएतिन।




7

राजा दारा नव कानूनक उपर हस्ताक्षर कऽ देलिन।




8



नव कानून दानिय्यलक जिनगी में कोनो अन्तर नहि आनलक। ओ वैह करैत छलाह जे ओ हमेशा करैत छलाह। ओ झड़ोखा खोलि कऽ तीन बेर दिन में स्वर्गक परमेश्वर सँ प्रार्थना करैत छलाह।
9


ईर्ष्यालु अगुवा सभ धौग कऽ राजा सँ बएजबाक लेल गेलाह। राजा दाराक लग में आओर दोसर कोनो उपाय नहि रहिन हुनका दानिय्यलक गिरफ्तार करबाअ पड़ि गेलिन। कानूनक तऽ मानबाक रहिन। दानिय्यलक अब तऽ मुअक रहिन। राजा तऽ बहुत कोशिश करलखिंन्ह मुदा ओ कानूनक नहि बदल नहि सकलथिंन्ह।
10



दानिय्यलक सिंहक मांद में धऽ कऽ हुनका मारि देबाक सजा भेंटलिंन। दानिय्यलक भूखल सिंहक मांद में फेकय सँ पहिने राजा दारा दानिय्यल सँ कहलिन, "अहाँक परमेश्वर जिनक अहाँ सेवा करैत छी ओ अहाँक बचौताह"।
11


ओहि राति में राजाक निंद नहि पड़लिन। दोसर रोज एकदम भिनसर में ओ सिंहक मांद लग पहुँचलाह।
12


राजा दारा जोर सँ सोर पारलिन, हे जीवित परमेश्वरक सेवक जिनक सेवा अहाँ राति दिन करैत छी कि ओ अहाँक रक्षा सिंह सभ सँ कएलिन ? शायद नहि मुदा हम अहाँ सँ उत्तर चाहैत छी। तहन दानिय्यल उत्तर देलिन।
13


दानिय्यल सोर पारि कऽ राजा सँ कहलिन हे राजन हमर परमेश्वर स्वर्गदूतक पठा कऽ सिंह सभक मुंहक बंद कऽ देलिन तें द्वारे ओ सभ हमरा हानी नहि पहुँचौलक अऽ हम तऽ आँहुँक प्रति कोनो खराब काज नहि कएने छी।"
14

राजा दारा तऽ आनन्द सँ भरि गेलाह! ओ दानिय्यलक आज्ञा देलिन जे सिंहक मांद सँ बाहर चलि आऊँ।




15

राजाक पता रहिन जे परमेश्वर दानिय्यलक सिंह सभ सँ छोड़ौलिन, अऽ दानिय्यलक दुश्मन परमेश्वरक दुश्मन छलाह। राजा एकर बाद आज्ञा देलिन जतैक लोक एहि कानूनक पारित कराबय में शामिल छलाह, ओहि सभ कऽ सिंहक मांद में फेंक दियो। अऽ सिंह सभ ओहि सभ कऽ खा गेल।



16

राजा दारा चाहैत रहैथि जे दुनिया एहि बातक जानैक जे स्वर्गक परमेश्वर अपन विश्वास योग्य दास दानिय्यलक रक्षा करलखिंन्ह। दानिय्यल एक पत्र लिख कऽ ई आदेश देलिन जे सभ केओ जीवित परमेश्वरक अराधना करैक। आओर राजा दानिय्यलक अगुवाईक अधिकारक सम्मान देलखिंन्ह।



17

## दानिय्यल आओर सिंह, मांद

***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्व***

## दानिय्यल - 6

***ऋृका क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता*** **119:130**

18



# इति

34 60

19

*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल ̈कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह ̈यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह ̈इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुाली (फाँसी) पर चढाअ ̈ल जाए। आओर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आओर अ ̈ फेर द ̈सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल ̈कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जाहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु। यहुन्ना* 3:16

20